

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Karya sastra menika salah satunggaling sarana kangge manggihaken piwulang saking pengalamanipun tiyang sanes wonten ing salebeting masarakat. Satemah dumugi ing jaman sakmenika karya sastra menika taksih wonten saha misuwur. Amargi karya sastra menika taksih dumugi samenika taksih dipunuri-uri dening masarakat.

Karya sastra menika boten saged dipunowahi saking pagesangan wonten ing masarakat. Amargi karya sastra menika karantam saking kawontenan ing salebeting masarakat. Satemah karya sastra menika taksih pikantuk pangaribawa babagan sosial saha budaya saking masarakat. Wujudipun karya sastra menika maneka warni, antawisipun wonten novel, cerkak, cerbung, geguritan saha sapanunggalanipun. Wonten ing panaliten menika badhe kababaraken saking salah satunggaling wujud karya sastra inggih menika novel. Novel menika sampun wonten saking jaman rumiyin saha taksih misuwur dumugi jaman samenika.

Pradopo (2002: 59) ingkang ngandharaken bilih karya sastra kanthi cara langsung utawi mboten langsung dipunpengaruhi kaliyan pengalaman saking lingkungan pengarang. Pamrayogiipun Pradopo (2001:

61) ingkang ngandharaken bilih karya sastra lahir ing tengah-tengah masarakat minangka hasil imajinasi pengarang serta refleksinipun terhadap gejala-gejala sosial ing lingkunganipun. Ananging karya sastra mboten tumut wonten ing *kekosongan* budaya. Kanthi cara menika saget gayut bilih karya sastra saged dipunginakaken pengarang kangge ngisi sedaya perkawis pagesangan manungsa ing masarakat.

Miturut Nurgiyantoro (2007:9-10) Novel menika asalipun saking tembung novella ingkang ngewrat istilah Indonesia inggih menika Novelet (basa Inggris:*novelette*), ingkang ateges salah satunggaling karya prosa fiksi ingkang wosipun boten dawa ananging ugi boten ciut, utawi saged dipunsebut samadya kemawon. Novel utawi roman menika langkung dawa cariyosipun tinimbang cerkak. Awit saking menika, novel saged ngandharaken babagan ingkang bebas, ngandharaken babagan ingkang dawa cariyosipun tinimbang cerkak. Awit saking menika novel saged ngandharaken babagan ingkang bebas, ngandharaken babagan ingkang langkung dawa, langkung rinci, langkung detail, saha langkung kathah permasalahan ingkang *kompleks*. Bab menika ngrangkep unsur-unsur cariyos ingkang bangun novel kasebut, ananging saking unsure-unsur kalawau saged dadosaken novel ingkang runtut.

Sastra menika perangan saking lembaga sosial ingkang migunaaken basa kangge media utawi saranipun anggenipun wicantenan, salajengipun basa menika ciptaan sosial. Satemah sastra menika ngandharaken pagesangan wonten ing kasunyatan wonten ing masarakat.

Wonten ing pagesangan menika wonten prastawa-prastawa antawisipun tiyang kalihan tiyang, tiyang kalihan kewan, tiyang kalihan alam, tiyang kalihan Tuhan saha tiyang kalihan batosipun. Prastawa-prastawa kalawau menika kangge bahan ngrantam karya sastra. Prastawa-prastawa ingkang wonten ing masarakat ingkang kaserat wonten ing salebeting karya sastra, mliginipun novel ingkang dados wosipun cariyos. Sastra menika negesaken bilih nalika ngrantam satunggal cariyos menika wonten gegayutanipun antawisipun penganggit, sastra saha masarakat. Satemah Novel menika minangka sarana manggihaken piwulang saking cariyos-cariyos ingkang wonten ing salebetipun. Saking maos Novel menika saged manggihaken saha mangertosi menapa kemawon ingkang sampun kadadean wonten ing pagesangan anggenipun penganggit. Novel menika minangka salah satunggaling produk saking masarakat. Satemah nalika penganggit ngrantam karya sastra mliginipun novel menika boten saged dipunpisahaken saking pagesangan masarakat.

Salah satunggaling jinis sastra inggih menika *naratif*. *Naratif* inggih menika sedaya tetembungan-tetembungan ingkang boten asipat pacelathon saha wosipun sejarah utawi setunggaling prastawa. Luxseburg lumantar Wiyatmi (2008:28) *Teks naratif* menika novel utawi roman saha cerkak,kekalih menika jinising sastra ingkang sae kangge sinau sastra. Wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken salah satunggaling sastra ingkang jinisipun *naratif* inggih menika awujud novel utawi roman.

Novel ingkang badhe dipuntliti inggih menika *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi, ingkang kalebet novel enggal wekdalan taun 2017. Wonten ing novel menika saged karembag bab konflik-konflik tiyang gesang ingkang dipunlampahi paragatama inggih antawisipun Dewi , Panji saha Septi. wonten ing novel menika ugi ngandharaken saking tekane konflik ngantos caranipun mungkasi konflik kasebat.

Novel *Klelep ing Samudra Rasa* menika saged karembag kanthi *sosiologi* sastra. Bab ingkang saged karembag inggih menika *konflik-konflikipun*, mliginipun *konflik* sosial. Bab *konflik* sosial menika badhe karembag amargi *konflik-konflik* sosial wonten ing novel menika maneka warni. Babagan ingkang wigati wonten ing novel inggih menika wujudipun *konflik* sosial, pawadan ingkang murugaken *konflik* sosial, saha cara paraga mungkasi *konflik* sosial ing novel menika.

Wonten ing novel menika nyariosaken kadospundi kedah nglampahi urip, kadospundi kedah sabar, kadospundi caranipun nglampahi tresna ingkang kedah ngorbanaken ingkang dipun tresnani, lajeng caranipun nglampahi pagesangan ingkang mboten saged dipun walik malih. Saking novel menika pamaos saged nyinau saha mundhut hikmahipun. Supados mboten lepat anggenipun nglampahi urip saha mboten lepat anggenipun mikir saderengipun mlampah.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil saged kapanggihakenperkawis kados ingkang kaandharaken ing ngandhap menika :

1. Wujud *konflik sosial* wonten ing Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi.
2. Jinising *konflik sosial* wonten ing Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi.
3. Pawadan ingkang murugaken *konflik sosial* wonten ing Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi.
4. Cara paraga mungkasi *konflik sosial* wonten ing Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi.
5. Paraga ingkang nglampahi *konflik sosial* wonten ing Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi.

C. Watesaning Prakawis

Perkawis ingkang kapanggihaken boten sedaya,ananging dipunwatesi kados wonten ing ngandhap menika :

1. Wujud *Konflik sosial* paragatama ing novel "*Klelep ing Samudra Rasa*" anggitanipun Tulus Setiyadi .
2. Pawadan ingkang ndadosaken *Konflik Sosial* wonten ing novel

"*Klelep ing Samudra Rasa*" anggitanipun Tulus Setiyadi.

3. Cara paraga mungkasi *Konflik Sosial* wonten ing novel "*Klelep ing Samudra Rasa*" anggitanipun Tulus Setiyadi.

D. Wosing Prakawis

Adhedhasar saking watesaning perkawis ing nginggil, wosing perkawis wonten ing panaliten menika, inggih menika :

1. Kados pundi wujudipun *konflik* sosial wonten ing novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi?
2. Kados pundi pawadan ingkang murugaken *konflik* sosial wonten ing novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi ?
3. Kados pundi caranipun mungkasi *konflik* sosial wonten ing novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi?

E. Ancasing Panaliten

Ancasipun saking panyerat skripsi inggih menika mengtliti kadospundi kemahiran panganggit ngrancang *Konflik – Konflik* paraga ing novel "*Klelep ing Samudra Rasa*" anggitanipun Tulus Setiyadi menika, saengga saged dipunremeni pamaos saha saged pikantuk pesan/kesan ingkang dipinandharaken panganggit.

F. Paedahing panaliten

Panaliten menika kaajab kangge ngandharaken *pemahaman*

antawisipun karya sastra kaliyan masarakat ingkang dados pamaos. Awit saking menika, panaliten menika gadhah paedah *teoritis* lan paedah *praktis*. Kalih paedah kalawau kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Paedah Teoritis

Miturut paedah *teoritis*, panaliten menika kaangkah supados saged suka manfaat dhateng para paneliti sanesipun ingkang badhe nliti *Struktualisme genetic* novel saha panaliten menika saged suka informasi dhateng pamaos bab panaliten sosiologi sastra wonten ing novel *Klelep ing Samudra Rasa anggitanipun Tulus Setiyadi*.

2. Paedah Praktis

Paedah ingkang saged dipunpendhet inggih menika panyeratannipun skripsi ingkang dipunserat menika saged dados pambiyantu supados sinten kemawon ingkan badhe maos mangertos isinipun, awit saking skripsi saha isinipun novel ingkang dipuntliti.

G. Pangertosan

1. Pangertosan Sosiologi Sastra

Miturut Endraswara (2011:77) salah satunggaling tinjauan sastra ingkang asipat *reflektif*, tegesipun tinjauan menika adhedhasar saking cerminan pangesangan masarakat saha pangesangan sosial masarakat menika.

Miturut Ratna (2004:59-60) pendekatan *sosiologis* menika nganalisis manungsa ing masarakat, kanthi proses pemahaman saking masarakat dumugi individu. Wosing *filosofis* saking pendekatan *socialogis* inggih menika wontenipun gegayutan hakiki antawisipun karya sastra kaliyan masarakat.

2. Pangertosan *Konflik*

Miturut Webster (1966), "*conflict*" gadhah teges "*perkelahian, peperangan, atau perjuangan*" - inggih menika awujud *konfrontasi fisik* antawisipun satunggal tiyang kaliyan tiyang sanes. Ananging tegesing tembung menika ngrembaka awit saking "*ketidaksepatan yang tajam atau oposisi atas berbagai kepentingan, ide, dan lain-lain*". Pramila tembung konflik samenika kalebet *aspek psikologis* wonten sawalikipun *konfrontasi fisik* ingkang sampun kadados, kejawi *konfrontasi fisik* menika. Istilah "*conflict*" saged ngrembaka saengga saged ngicalaken statusipun minangka *konsep tunggal*.

3. Paraga

Paraga inggih menika gambaran sosok ingkang dipunginaaken kangge ngambaraken wonten ing salebeting cariyos. Paraga menika boten namung satunggal ananging wonten paraga utama menika boten namung satunggal wonten ing salebeting cariyos menika saged langkung saking satunggal paraga. Salajengipun paraga tambahan wonten ing salebeting cariyos menika paraga ingkang bantu paraga utama anggenipun nglamapahi prastawa- prastawa ingkang wonten.

4. Novel

Novel adalah bentuk sastra yang paling populer di dunia. Bentuk sastra ini paling banyak dicetak dan paling banyak beredar, lantaran daya komunitasnya yang luas pada masyarakat (Jakob Sumardjo Drs)

Novel adalah bentuk karya sastra yang didalamnya terdapat nilai-nilai budaya, sosial, moral, dan pendidikan (Dr. Nurhadi, Dr. Dawud, Dra. Yuni Pratiwi, M.Pd, Dra. Abdul Roni, M.Pd)

Novel merupakan karya sastra yang mempunyai dua unsur, yaitu unsur intrinsik dan unsur ekstrinsik, dan keduanya saling berhubungan karena sangat berpengaruh dalam kehadiran sebuah karya sastra (Drs. Rostamaji, M.Pd, Agus Priantoro, S.Pd)

Novel adalah karya sastra yang berbentuk prosa yang mempunyai unsur-unsur intrinsik (Paulus Tukam, S.Pd)

5. Pangertosan Novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi

Nyariosaken bab konflik ingkang dipunlampahi tiyang gesang menawi sampun somah, inggih menika awit saking bagya mulyanipun dumugi ajur saha mangertosi tiyang ingkang watak saktemenipun.